# МИЛЛИЙ МИЙРАСЛАРЫМЫЗ ҲАҚҚЫНДА

**Даулетмуратова Мехрибану Бектилеуовна**
*УзДСМИ Нөкис филиалы, "Техноген ҳәм көркем өнер таныў" факультети, "Көркем өнер таныў" кафедрасы асиссент оқытыўшысы*

***Аннотация:*** *Мақалада қарақалпақ миллий буйымлары ҳәм олардың келип шығыўы ҳаққында кең мағлыўмат берилген. Миллий тутыныныў буйымларының қолланылыў өриси, пайдаланыўы үйренип шығылды.*

***Таяныш сөзлер:*** *Миллий буйымлар, тарийх, этимология, бес тас, ылық ойыны, «Наўрыз» байрамы, қыз узатыў, кесте тигиў.*

Қарақалпақ халқы өз миллийлиги менен басқа миллетлерден айырылып турады. Миллийлигимиз миллий нағыслар менен кестелениў өнеринен турып қоймастан, басқа да миллий қадриятларымыз бенен басқа миллетлерден айырылып турамыз. Мысалға Қарақалпақ аўыз еки фольклорларымыз, аңызлар, ертеклер, айтыслар, дәстанларымыз, бир неше шығармаларымыз, қосықларымыз, жумбақ, нақыл-мақалларымыз бенен айрықша көзге түсемиз. Буннан басқа балалардың миллий ойынлары: ақ терекке көк терек, аўелемен-гүўелемен, бес тас, ылақ ойынлары, аткөншек тебиў, қашарман топ ҳ.т.б миллий ойынларымызды алсақ болады. Соның менен бирге миллий салт дәстүрлеринен бири болған «Наўрыз байрамы», қыз узатыў, бесик жыры, қыз-жигитлер айтыслары да киреди.

Миллий байрамымыз «Наўрыз» байрамында халқымыз үлкен көтериңкилик пенен байрамлап, миллий кийимлерди кийип, миллийтағамларды писирип дәтүрханларға тартып халыққа тарқатады. Бул байрамда миллий дәстүрлеримизден ат шабыслар, қошқар дүгиспек, қораз урыстырмақ, қыз-келиншеклердиң ат-көншек тебиўи, балалардың миллий ойынлары тамашаланады, ҳәм «қыз-узатыў», «беташар» көринислерин мәденият хызметкерлери көрсетип береди. Миллийлигимизди мақтаныш етип айтатуғын болсақ миллий шығармаларымыз болған дәстанлар ҳәм тарийхый орынларымызды тилге алсақ болады.

Ғәрезсизликтиң шарапаты менен жаратылған «Кадрлар таярлаўдың миллий дәстүри» тәлим тараўын өтмиштен қалған көз қараслар ҳәм сарқытлардан толық қутылыў, жоқары мағлыўмат ҳәм әдеп-икрамлылық талапларға жуўап бериўши жоқары билимли кадрлар таярлаў ҳәмде олардың сапатын халық аралық стандартлар дәрежесине көтериўди нәзерде тутуады. Халқымыз өмиринде жүз берип атырған өзгерислер өнер тараўына да белгили дәрежеде өз тәсирин

өткизбекте. Солай еткеn онер ҳәзирги күнде инсан өмирин және де гөззал қылыў, оған эстетик руўхый азық бериў даркар. Қарақалпақ халқының тарийхын изертлеўге өз мийнетлерин қосқан Иванов, Толстов, Жданко, Камалов, Морозовлар 1906-jili II томнан ибарат «Қарақалпақ халқының тарийхы» китабын басып шығарған. Усы китапқа тийкарланып Қарақалпақ халқының тарийхының раўажланыўының мәдениятының қурылысын көрсетиўге болады.

Қарақалпақстан көркем өнер искусствосы өнерментшилик, кесте тигиў менен байланыслы, булар халықтың көркем өнерге болған интасын арттырып, эстетикалық тәрбиясын байытады, ҳәмме зат аддамның психологиялық ойлаўы нәтийжесинде исленеди. Адамның шеберлиги менен исленген өнерли ислер адамзат жәмийетинде умытылмас из қалдырады, адамға материаллық ҳәм мәдений заўық береди. Буның дәлийли көркем шығармаларда өз сәўлесин табады.

Бизге белгили гөззаллық сырларын үйрениў арқалы инсанларға тийисли жақсы пазийлет –келешекке жетелеў бойынша басқа тараў оқытыўшысы халық өнерментшилиги қол өнерин бере алатуғын ўазыйпаны атқара алмайды. Шынында да, талаба ҳәм жасларды эстетикалық ҳәм мораллық камалға жеткериў, оларға ҳәр тәреплеме руўхый азық бериўде бул мағлыўматларымыздың орны гиреўли. Қарақалпақ нағысшылық өнери шынығыўлары талабаларда руўхыйлық ағартыўшылықтың ажыралмас бөлими есапланған көркем әмелий өнерди ҳәм әдеп икрамлылықты раўажландырыўға хызмет қылады. Халық дөретпеси бала тәрбиясында үлкен орынды ийелейди. Кестешилик жас әўладты көркем өнер сезимталлығы жағынан бай өзиниң пикирин еркин айта алатуғын, билимли мийнет сүйгиш етип тәрбиялаўда халық өнерментшилиги әҳмийетли орынды тутады. Халық өнерментшилигиниң және бир өзине ылайықлы өзгешеликлери соннан ибарат, бундай мағлыўматларды бериўимизде талабаларға көркем билимлерден тысқары және мийнет көнликпесин раўажландырады, оларда гүзетиўшилик, көз алдына келтириў, еслеў, шамалаў образларды ойына келтириў усаған сыпатларыда өсирилип барылады. Олардың көркем-эстетикалық сезимталлығы дөретиўшилик, искерлик, уқыплылығы раўажланып барады.

Ҳәр қандай оқыў барысы сыяқлы халық өнерментшилиги шынығыўларының тийкарында да талабаларды жоқары көтериңки рухта тәрбиялаў, оларға өнердеги халықтың ролин түсиндириў жатады. Бул ўазыйпалар халық өнерментшилиги шынығыўларының ҳәр бир түринде әмелге асырылады. Инсанларды мийнетке ҳәм жасаўға руўхландырыўы, олардың ишки дүньясын байытыўы керек. Инсанның манавияты барлық ўақытта өнер мийўелерине иқтияж сезеди. Солай

екен өнерсиз жасап болмайды. Нағысшылық өнери халық әмелий өнеринде тийкарғы орынды ийелейди. Ол ҳәр түрли дөретиўшилик шешимлерге қатнасып көркем шығармалар жаратыўда тийкар бола алады.

Қарақалпақ миллийлигимизди үлкен төрт топарға бөлип үйренсек болады.

1. Қарақалпақ миллий буйымлары: буларға миллий саз әсбаплары ала мойнақ дуўтары, шын ғобыз, гиржек. Буннан басқа турмысымызда тутынатуғын буйымларымыздан ыдыс-табақлар: кели-келсап, дигирман, уршық, қарүй, шилауыш, шыпта ҳ.т.б буйымлар киреди.

2. Қарақалпақ миллий дәскерлери: буларға күнделикли үй шараятларымызда пайдаланылатуғын кестеленген ҳәм қол өнери менен жаратылатуғын буйымлар киреди. Мысалға қурақ көрпеше, шымылдық қас, бесик тартқы баўы, ун шанаш, шай қалта, ат қоржын, сыпыра, қара уй тартқы баўлары ҳ.т.б.

3. Қарақалпақ миллий кийимлери буларға: Миллий көк көйлегимиз, ерлер шапаны, миллий қара қалпақ, диз кийимлер, жеңсизлер, ақ жегде, қызыл киймешек, саўкеле, миллий ерлер көйлеги, тахия, жаға ҳәм жең ушлары ҳ.т.б.

4. Қарақалпақ миллий нағыслары буларға ғаўаша гүл нағысы, қошқар мүйиз нағысы, шилауш нағысы, қумырысқа бел нағысы, кереге нағысы ҳ.т.б.

Қарақалпақша кесте тигиў өнери халық шеберлигиниң әжайып халық миллийлигине ийе. Гейпара кестели кийимниң бөлеги, нағыс түрлери, олардың орналасыў композициясы, реңлери, басқа қоңсылас ямаса тағы бир халықларда ушыраспайды. Әдетте ҳаял-қызлардың мереке жыйынларда кийетуғын кийимлери бир қанша турмыста қолланылатуғын буйымлар кестеленеди. Солардың арасындағы дүнья жүзине аты таралған, көркемлилиги ҳәм тарийхый эстетикалық әҳмийети бойынша илимде жүдә баҳалы қыз-келиншеклер ушын кестели көйлек, қызыл киймешек, жеңсе ҳәм жең ушы жипек шапаныныӊ жағасы, саўкелениң айналасы, өңирше ҳәм басқа да кийим бөлеклери, ал 40 жастан өткен ҳаяллар ушын кестели ақ көйлек (бизиң заманға келип жетпеген) ақ жегде де, ақ киймешек болған болған. Булардан тысқары кестеленип исленген ақ көзлик бесиктиң тартқы баўы болған. Қарақалпақша кесте тоқыў өнеринде пайдаланылатуғын, материаллар онша көп емес. Олар қызыл ҳәм қара реңли ушыға (Кызыл киймешек, жеңсе, жең ушы, өңирше, сәўкелениң кестели халқасы, жипек жегдениң жағасы ҳ.т.б) ақ реңли (ақ киймешек, ақ жегде, аткөзлик). Кесте нағыслары халық турмысы менен, оның дүнья таныўы, ҳәр қыйлы түсиниклери

менен тығыз байланыслы. Бул мәселелер нағыстың сүўретиненде, атамасынанда көринип турады. Мәселен ғаўаша гүл нағысы, кереге нағысы х.т.б.

Мине усылай етип миллийлигимиз ҳәм миллий нағысларымыз раўажлана баслаған ҳәм изертленип усы дәўирге келип жеткен. Қарақалпақ халқы бай тарийхқа ийе. Бизиң ата- бабамыздан бизге мийрас болып қалған, миллийлигимиздиң нышаны нағыслар болып есапланады. Ҳаял-қызларымыз кестешилик пенен шуғылланатуғы болган. Кесте- ҳәртүрли реңдеги сабақлар менен миллий кийимлерге, миллий дәскерлерге кестеленип тигилетуғын болған. Ата-бабамыз өзин қоршаған орталыққа қарап сүўрет салып нағыс көринислерин келтирип шығарған. Қол өнери яғный кестелеў өнери еки дәўир миллий нағыслары түрлерине бөлинеди.

1.Ертеден киятырған қарақалпақ халқының миллий нағысын кестелеў өнери.

2. Басқа халықлар менен қарым-қатнас арқалы бизге келген нағыслар халқымыздың көркем өнерин раўажландырыў нәтийжесинде нағыстың түрлериниң көбейиўи ҳәр бир нағыстың түрлериниң көркемлик көриниси исленген заттың сулыў ҳәм шырайлы болыўына себепли болады. Олар нағысты тәбиятқа байланыстырып ҳәм дәўирдиң өзгешелигине ылайықлы, ықшамлап барған. Қарақалпақша кесте тигиў өнери халық шеберлигиниң әжайып үлгилерине ийе. Гейпара кестели кийим, кийимниң бөлеги, нағыс түрлери, олардың орналасыў композициясы, реңлери басқа қонсылас ямаса теги бир халықларда ушыраспайды. Әдетте ҳаял-қызлардың мереке жыйынларда кийинетуғын кийимлери, бир қанша турмыста қолланылатуғын буйымлар кестеленилген, солардың арасында ең көркемли етип кестеленетуғын көркемлиги ҳәм тарийхый эстетикалақ әхмийети бойынша гилемде жүдә баҳаласы қыз-келиншеклер ушын кестели көк көйлек, қызыл киймешек, жеңсе ҳәм жең ушы, жипек шапанның жағасы, сәўкелениң халақасы, өңирше ҳәм басқа да кийим бөлеклери, ал 40 жастан өткен ҳаяллар ушын ақ көйлек, ақ жегде, ақ киймешек болған. Айырым жипек шапанлардың пөпегине майда ақ моншақлар, қызыл киймешеклердиң гейпараларына гүмис теңгелер дүзилген.

Нөкис, Москва, Санкт-Петербург музейлериниң қарақалпақ халық өнери бөлимлерине қарағанда, XIX ҳәм XX әсирдиң шерегинде ең көп таралған кестели кийим, қызыл киймешек болған. Ол узатылатуғын қыздың ҳам келиншектиң, жас ҳаялдың мереке-жыйынында кийетуғын баслы кийими болған. 1902-жылы «Русский весиник» журналында жәрияланған А.Е.Россикованың «ПО Амударье от Петро-Александровска до Нукуса»- деген очеркинде қызыл киймешектиң

сүўретлемеси берилген. Барлық салтанатлы жыйынларға олар «киймешек кесте»-деп аталатуғын қалпақ кийеди. Бул таң қаларлық бас кийим, барлық турмысқа шыққан ҳаялларда болады. Оның тигилиўи: Бир таўардан үш тәрепи тең үшмүйешли етип қыйып алынып, оның ортасын адам бети көринетуғын етип ойып алады.

Дөгереги әдипленеди. Бос жериниң бәри ҳәр түрли реңли жипек пенен кестеленеди. Кестениң өнери Маларосскаялардың өнерине уқсайды. Буннан басқа қызыл киймешектиң сыпатламасын толық түрде И.А.Жданко бир неше жумысларында көрсеткен. Көкке боялған бөзге кестеленген женуш көлеми бойынша ушыға женуш пенен тең болады. Женуш жеңсеге қарағанда келте, оның баслы нағыс үлгилери еки үштен артпайды. Өзине тән айрықша нағыслары болмайды.

Қарақалпақ кесте өнериниң әжайып үлгилериниң бири көк көйлек. Ол келиншектиң ҳәм жас ҳаялдың кийими. Көк көйлек қаралтым көк реңде боялған, бөзге қызыл, сары сабақлар менен кестеленеди. Нағыслар жағадан басланып, еки өнерин бойлап көйлектиң алдыңғы етегине дейин ҳәм еки жеңниң ушында болады. Теңиз бойындағы аўылларда жасаўшы ямаса сол жақтан қырға көшип келген, ески адамлар көк көйлектиң нағысын «саўыт нағыс» деп атайды. Соның менен бирге нағыссыз көк рең қарақалпақларда қайғы-матамның белгиси болған. Тахтакөпир, Қараөзек районларында Даўлемтурат қызы Оразгүл өзи ислеген көк көйлекти Қарақалпақ мәмлекетлик көркем өнери музейинде (№2458), Саске қызы Ҳәжигүл ақ жегдесин (2033) экспедиция ағзаларына тапсырды. Мойнақ районында Абдул қызы Аманбийке, Даўлетияр қызы Улбоған, Махамбет қызы Бийбираба, Бердамбет қызы Бийбизада атлы шеберлер болған.

Өңирше төмени ушланып, ал жоқарысы айырылып ямаса кесик болып келеди. Нағысланатуғын бети ушығадан болып бөз бенен астарланады. Ушығаға муқыятлап кесте тоқып, оның үстине түйме теңгелер тағылады. Өңиршениң көбинесе еки жол нағысы болады.

Буннан басқа миллий дәскерлеримиздиң бир түри «шанаш» әдетте бузаў терисинен исленген болады, оған териден ямаса реңли шүбереклерден үстине тигип нағыс әшекейленеди. Бул шанаш кишкене малдың баласының терисинен (қозы ямаса ылақ) исленген, себеби узынлығы тек 55см ғана болады. Нағыстың төмени үш бөлекленген, бастан аяқ шыйратылған шақалы дарақ шанаштың аўыз жағында бир неше рет қайталланып араласып келетуғын ийрекей толқын нағыслар, төмендеги ушында әжайып шеберлик пенен исленген моншақ өткерген

пөпеклер бар. Моншақлар ҳәр түрли жипек сабақ пенен тигилген нағыслардан ибарат болған пөпеклерде аттың жанасында болады, ҳәм безеклер ретинде пайдаланылады.

1970-Жыллар Қарақалпақстанда кесте тигиў өнеринин жаңа өмири басланды. Дәслеп бир қанша сүўретшилердиң шығармаларында, кестели кийим, кесте нағысы көрине баслады. Мысалға: Қ. Сайповтың плакатлары, китапқа ислеген сүўретлери, қәўендер Бердимуратовтың ҳәм Карим Мамутовтың бир қанша жумысларын алсақ болады. Атабаевтвң «Ҳаял» портрети ҳәм басқа да бир қанша жумысларында, Галина Абдирахманованың «Зергердиң дүканында», «Келиншек» атлы жумысларында қызыл киймешек, көк көйлек суўретленеди. Қарақалпақстан архитектурасы, дийўалға сүўрет салыў өнери халық нағысын, соның ишинде кесте өнерин қайта раўажландырыў исине араласты. Нөкистиң бурынғы темир жол вокзалының фаесиндеги П.Есенгалиевтиң ҳәм М. Ишановтың «Той» атлы көлемли жумысында кестели кийимниң биразы тәбийий реңде көрсетилген. Буннан басқа қарақалпақ милллийлиги ҳаққыында бир қанша шайырлардың, илимпазлардың мийнетлеринде барлық миллийлигимиздиң түрлери, келип шығыў тарийхы ҳаққында кеңнен көрсетип бере алған.

Мине солай етип миллийлигимизди оның раўажланыў тарийхын ҳам оны ислеп шығыў халқымыз турмысына ен жайдырыў ҳәм оларды европа усылы менен раўажландырған ҳалда талаба жасларымыздың санасына киргизип барсақ миллий кадриятларымызды беккемлеп ҳәм оларды тәлим системасына ктргизип олардың колланылыўдағы әҳмийети орны гүреўли. Соның менен қатар миллийлигимизди басқа мәмлекетлерге танытсақ ҳәм шет ел музейлеринде белгили орынларды ийелеп турған миллий кийимлеримиз түрлерин мәдженият тараўында ҳәм халқымыз турмысында қолланыўда ен жайдырсақ келешек әўлад ушын миллий қадриятларымызды сақлап қалыўда үлкен үлес қосқан боламыз. Бунын айқын дәлийли Қарақалпақстандағы «Савитский» атындағы музейимиздиң ишиндеги миллий экспанатлардың көринислери ҳәм түлери дуня жузи музейлери арасында белгили орынды ийелеўин атап айтып өтиў жүдә орынлы.

**Әдебиятлар**

1. А.Алламуратов. " Каракалпакская народная вышивки".
2. Е.Н. Забирова, В.И. Петрова. "Сабакларда каракалпаклардын коркемлеп безеу онери менен танысыудын жана педагогикалык технологиясы".